



Pou Piblikasyon Imedya: 1/14/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON POU LEKÒL KOMINOTÈ YO BAY SÈVIS EKSTANSYON POU TWA KOLÈJ KOMINOTÈ SUNY

Kolèj Kominotè Jefferson, Mohawk Valley, ak Rockland pral lanse pwogram yo an 2016

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$1.5 milyon pou sipòte kreyasyon twa nouvo pwogram “Lekòl Kominotè” nan Jefferson, Mohawk Valley, ak Rockland Kolèj Kominotè yo, tout sa yo patisipe nan sistèm SUNY. Nouvo pwogram yo, ki pral lanse nan 2016 la espere ogmante aksè nan kolèj ak bay sipò pou yo diplome nan bay ekstansyon sèvis antouraj konplè pou elèv yo tankou swen pou timoun ak granmoun, transpòtasyon, sèvis swen sante, konsèy travay oswa/ak fanmi, èd legal, ak plis bagay toujou.

“Aksè nan swen pou timoun, swen sante, konsèy ak lòt sèvis sipò kapab fè anpil diferans lè pou ede yon elèv reyisi,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan ede twa lekòl kominotè sa yo relanse, nap fè yon investisman nan avni elèv lokal yo e nap ouvri nouvo pòt pou opòtinite.”

“Aksè nan ekstansyon sèvis tankou transpòtasyon pou ale ak soti nan klas ak gadri nan kanpis kapab souvan faktè desizif nan kapasite pou yon elèv ale nan kolèj,” Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare. “Nan entegre sèvis sa yo avèk objektif akademik elèv yo, modèl lekòl kominotè yo pote toutbon yon diplòm kolèj ba nou. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou pote modèl ki baze sou prèv sa a nan Eta New York, epi yon gwo kout chapo pou Kolèj Kominotè Jefferson, Mohawk Valley, ak Rockland ansanm avèk elèv ak kominote yo sèvi yo.”

Inisyativ Lekòl Kominotè Kolèj Kominote gouvènè a fè pati nan yon estrateji pou satisfè gwo bezwen elèv nan Eta New York ak fanmi yo. Baze pasyèlman nan Inisyativ Sibvansyon Lekòl Kominotè K-12, finans nan Bidjè Eta ki te adopte nan 2013-14 ak administre pa Depatman Edikasyon Eta a, ekstansyon pou kolèj kominotè yo fonde sou prèv pratik ki gen avni ki soti nan modèl siksè lekòl kominotè toutpatou nan eta ak peyi a. Inisyativ sa a chèche pou l kowòdone ak elaji resous piblik, prive, ki pa pou pwofi, pou l bay elèv ak fanmi yo sèvis enpòtan e konsa ogmante siksè elèv yo ak rive jwenn lòt rezilta ki pozitif.

Haitian Creole

Bidjè 2015-16 Eta New York te adopte a gen ladann yon nouvo investisman sipò taks dirèk Eta a ki totalize \$1.5 milyon pou sipòte kreyasyon jiska twa pwogram Lekòl Kominotè nan mitan kolèj kominotè SUNY yo kap fonksyone andeyò Vil New York. Nan twazan, chak benefisyè sibvansyon yo pral resevwa \$500,000.

Trèz kolèj kominotè SUNY te soumèt pwopozisyon yo ki totalize \$6.5 milyon, ki reflekte demann pou pi gwo aliyman ant misyon akademik kolèj lokal yo ak bezwen elèv ak kominote yo sèvi yo. Nan pwopozisyon sa yo, yo te chwazi Jefferson, Mohawk Valley, ak Rockland baze sou kapasite yo genyen pou yo:

- Agrandi investisman nan ogmante gouvènman lokal ak patisipasyon òganizasyon ki pa pou pwofi,
- Vize kominote ki gen gwo bezwen, ak popilasyon elèv, ak
- Etabli dirabilite alontèm nan pwogram nan.

Deskripsyon Pwogram yo annapre a:

Kolèj Kominotè Jefferson

Lekòl Kominotè Jefferson ki nan Nò Peyi a pral bay sèvis santralize sou-kanpis pou sipòte bezwen sante ki pa satisfè yo ak obstak finansye elèv ak fanmi yo ap fè fas. Lekòl la pral vize premye jenerasyon elèv yo ak sa yo defavorize yo, e li pral bay anpil elèv veteran sèvis, elèv ki andikape yo, ak paran kap leve timoun poukont yo. JCS a pral sipòte pèfòmans akademik amelyore, pèsistans, ak byennèt sosyal ekonomik elèv yo ki nan Kolèj Kominotè Jefferson nan. Objektif jeneral pwogram nan se pou ogmante pousantaj gradyasyon pou premye jenerasyon elèv yo ak sa ki defavorize yo. JCS pral òganize patnè kominotè poul bay sèvis gratis pou elèv ak fanmi yo, enkli egzamen sante, konsèy sante mantal, konsèy benefis finansye, yon gadmanje ki gen pwovizyon, gadri ak asistans transpòtasyon, ak preparasyon taks. JCS pral apiye tou sou patenarya solid kolèj la avèk gouvènman lokal, òganizasyon kominotè ki pa pou pwofi yo, ak biznis prive pou asire ke elèv ak fanmi yo jwenn aksè nan sèvis ki reponn ak bezwen aktyèl yo ak sa ki gen pou vini yo.

“Nou kontan pou anons Gouvènè a ak gwo ensvestisman sa a nan siksè elèv yo,” **Prezidan Kolèj Kominotè Jefferson, Carole A. McCoy te deklare.** “Gen plizyè faktè ki pa akademik ki mete anpil baryè ki anpeche elèv yo konplete pwogram yo. Sibvansyon Lekòl Kominotè a bay Jefferson kapasite pou l bay aksè santralize isit la nan kanpis nou an pou sèvis enpòtan patnè kominotè nou yo ofri – sèvis ki pral amelyore kondisyon sante ak byennèt sosyal ekonomik elèv nou yo, epi finalman ede yo rete nan kolèj ak reyisi akademikman.”

Kolèj Kominotè Mohawk Valley

Lekòl Kominotè nan Kominote MVCC nan Mohawk Valley pral itilize etablisman kolèj kominotè nan kanpis Utica ak Rome ansanm avèk anba lavil Utica pou konekte elèv yo ak fanmi yo avèk sèvis ke elèv yo bezwen pou ede yo rete nan kolèj ak konplete etid yo. Lekòl MVCC yo pral bay koneksyon pou timoun ak sèvis swen granmoun, transpòtasyon, konsèy fanmi, konsèy anplwaye preparasyon taks atravè sipò finansye,

preparasyon FAFSA, ak konsèy finansye, ak lòt sèvis sipò atravè yon etalaj patnè piblik ak sa ki pa pou pwofi. MVCC pral adopte yon modèl navigasyon sèvis ki itilize anplwaye sou kanpis pou konekte elèv ak fanmi yo avèk sèvis ki deja la ak benefis ke yo deja kalifye ki ka satisfè bezwen yo. Patenarya avèk Mohawk Valley Community Action Agency, Oneida County Workforce Development, ak Gouvènman Konte Oneida pral amelyore nan afilyasyon avèk Gwoup Travay Anti-Povrete Mohawk Valley, yon gwoup rejyonal 100 ajans kap travay pou adrese pwoblèm komen fanmi ki nan povrete yo.

“Nou gen yon bezwen enpòtan pou nou adrese defi elèv defavorize nou yo ap fè fas ki konnen ke yon diplòm kolèj se kle pou yon avni ki pi bon ”**Prezidan MVCC Randall J. VanWagoner, Ph.D. te deklare** “Prim sibvansyon sa a pral sèvi kòm yon katalis kap mennen plizyè patnè ak sèvis ansanm pou separe konpleksite ki asosye avèk povrete ak edikasyon.”

Kolèj Kominotè Rockland

Objektif prensipal Sant Resous Retansyon 211 ak Inisyativ Siksè Kolèj Kominotè Rockland se pou ogmante pèsistans ak pousantaj retansyon nan popilasyon yo vize yo atravè yon gwo apwòch kanpis- ak kominote- ki konekte yo avèk resous ki pa akademik ki nesèsè pou yo konplete etid yo. Inisyativ RCC a pral itilize etablisman ki deja la ak pwogram ki gen sipò nan men founisè sèvis ki baze nan kominote a pou kowòdone aksè nan kanpis ak resous ki baze nan kominote a pou elèv yo. Sant Resous 211 lan pral kowòdone egalman epi agrandi resous piblik, prive ak non-pwofi yo pou yo bay elèv ak fanmi yo sèvis enpòtan ak ogmante siksè elèv yo ak rive jwenn lòt rezilta siplemantè nan devlope konsyantizasyon, opere yon Sant Resous 211 sou kanpis la, ak ankouraje chanjman klima enstitisyonèl pou edike pwofesè ak anplwaye yo idantifye elèv ki nan kriz yo. Finalman, RCC pral devlope yon modèl ki gen gran kapasite pou idantifye estrateji enpòtan, entèvansyon, ak patnè ki nesèsè pou yo bati yon rezo resous ki pa akademik ki aksesib ki esansyèl pou kenbe ak gradye elèv jounen jodia.

“Nou rekonesan anpil paske yo chwazi nou pou Sibvansyon Lekòl Kominotè SUNY a ak pou nou resewa fon pou nou ranfòse kapasite pou nou bay sipò akademik ak resous ki nesèsè pou elèv yo reyisi ak pèsiste pou rive nan gradyasyon,” **Prezidan RCC Cliff Wood te deklare.** “Opòtinite sibvansyon sa a inik nan pèmèt nou travay ansanm avèk resous kominotè tankou United Way of Rockland ak Westchester ak lòt patnè kominotè yo epi bay rekòmandasyon ak resous pou ede elèv nou yo reyisi nan ede fanmi yo, ki souvan se yon eleman enpòtan pou asire ke elèv nou yo kapab rete sou bon chemen pou yo gradye.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418